

Desizyon


✎ Ursula Nafula

✉ Vusi Malindi


☞ ACE Haiti-University of Notre Dame USA

🔊 2

💬 krèyol ayisyen ht




Kominote kote'm rete an gen anpil pwoblèm
... Nou blije kanpe nan yon liy byen long pou
nou pran dlo nan yon gress tiyo.




Se lòt moun ki bannou manje.




Nou fèmen kay nou bonè paske nou pè vòlè.




Anpil timoun kite lekòl.




Ti jèn fi yo ap travay kòm sèvant nan lòt kominate.



Ti gason yo ap flannen nan kominote a
pandan ke lòt ap travay nan jaden moun.



Lè gen van, papye fatra al koke sou pyebwa ak nan lantiraj yo.




Moun te konn blese ak vè kase ke lòt moun
jete atè a.




Enpi yon jou tiyo an pat gen dlo ladan'l ankò.
Tout bokit te vid.



Papa'm deside ale kay chak moun pou'l
mande yo vini nan reyinyon kap òganize nan
kominote a.



Moun yo chita anba yon gwo pyebwa pou yo koute sa kap di.




Papa'm kanpe pou li di "Nou bezwen mete tèt nou ansanm pou nou jwenn solisyon nan pwoblèm nou yo."




Jima, yon ti gason wit lane ki te chita sou yon branch pyebwa di “Mwen kapab ede nan netwaye.”



Yon fi leve pou'l di "Fi yo kapab ede nan fè jaden."



Yon gason leve pou'l di: "Gason yo kapab
fouye yon pwi."



Nou tout di nan menm moman an “Nou dwe chanje lavi nou.” Depi jou sa a nou mete tèt nou ansanm pou nou jwenn solisyon nan pwoblèm nou yo.



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Desizyon

Ursula Nafula

& Vusi Malindi

ACE Haiti-University of Notre Dame USA

